



Pou Piblikasyon Imedya: 30/08/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON ANTANT ANSANM AK DEPATMAN  
PREZÈVASYON AK DEVLÒPMAN LOJMAN VIL NEW YORK KI ETABLI YON  
PWOJÈ PILÒT \$24 MILYON DOLA POU DEKABONIZE LOJMAN ABÒDAB YO**

***Investisman nan pwogram pwojè pilòt la konte kontribiye nan mizajou anviwon  
1,200 inite abitasyon lojman abòdab e fè 3,000 rezidan ki gen revni fèb jiska  
modere pwofite de yo***

***Pwojè pilòt inovan an rasyonnalize finansman an pou akselere rediksyon emisyon  
yo gras ak elektrifikasyon lojman abòdab yo***

***Li sipòte objektif nasyonal eta a pou diminye emisyon gaz a efè sè yo rive 85  
pousan disi 2050***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse yon antant ant Otorite Rechèch ak Devlopman nan Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority) ak Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York la (New York City Department of Housing Preservation and Development) pou yo asosye yo sou yon pwogram pwojè pilòt ki vo 24 milyon dola pou finanse aktivite elektrifikasyon yo nan lojman abòdab yo. Anplis, pwojè Pilòt la pral kreye yon pwosesis finansman rasyonnalize, kote ke pwopriyetè lojman abòdab yo ka jwenn aksè ak ensitatif NYSERDA yo san fè travay administratif adisyonèl. Pwogram nan sipòte objektif nasyonal Eta a ki se redui emisyon gaz a efè sè yo jiska 85 pousan disi 2050, jan sa mansyone nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a.

"Kriz klimatik la se yon pwoblèm global ki mande yon repons global, e se poutèt sa li vrèman enpòtan pou Eta New York ak Vil New York la mete resous yo an komen e travay ansanm pou redui emisyon kabòn nan," **dapre sa Gouvènè Hochul deklare.** "Nouvo patenarya sa a ant NYSERDA ak HPD pral rann li pi fasil pou devlopman lojman abòdab yo nan Vil New York la pou yo gen aksè ak finansman epi renove batiman yo pou itilizasyon enèji pwòp. Patenarya tankou sila yo ap mennen nou pi pre nan atent objektif klimatik anbisyè Eta a tout pandan n ap kontinye chèche nouvo ak mwayen ki inovan pou nou entegre enèji pwòp nan woutin ak nan lavi kotidyen nou."

"Retablisman nou an dwe yon retablisman ekolojik, paske chajman klimatik la se pa yon kriz ki lwen pou vini - li la a deja," **selon deklarasyon Majistra Bill de Blasio.** "Patenarya sa a pra ede nou dekabonize lojman abòdab yo e atenn objektif nou ki se enèji pwòp. Mwen rekonesan anvè patenarya Gouvènè a nan moman pwoblèm grav sa a."

Gras ak yon Pwotokòl Akò (Memorandum of Understanding), NYSERDA ak HPD ap tavyan an kolaborasyon pou demontre ke mizajou elektrifikasyon lojman abòdab miltifamilyal e reglemantè New York yo ka entegre yon fason efikas lè pwopriyete batiman yo ap chèche finansman pou enèji pwòp ak renouvlab pou batiman yo. Pwojè pilòt la pral founi yon finansman konplèman pou kouvri depans siplemantè pou elektrifye batiman ki egziste deja yo ke HPD reglemante epi mete annèy lòt amelyorasyon pèfòmans tankou anvlòp batiman an ak distribisyon dlo cho, ki redui konsomasyon enèji epi amelyore sante ak sekirite rezidan yo. Modèl travay sa a pral enkli tranzisyon soti nan sistèm chofaj ak klimatizasyon ki baze sou konbistib fosil ale nan yon teknoloji ponp ki mache ak chalè, sa ki pral pèmèt ogmante efikasite enèji a, diminye emisyon gaz efè sè yo epi garanti yon anviwònman enteryè ak kalite ki siperyè.

**Prezidan ak Direktè Jeneral NYSERDA a, Doreen M. Harris, te deklare,** "Atravè Patenarya sa a, nou pral demontre yon pwosesis senplifye pou elektrifikasyon lojman abòdab yo, pandan n ap devlope nouvo apwòch renovasyon ki ka repwodui nan lide pou redui emisyon yo nan tout eta a. Finansman an pral kontribye nan efò ki ankou yo pou dekarbonize ansanm imobilye ki egziste deja nan Eta a pandan l ap asire yon tranzisyon ekite pou ale jwenn yon ekonomi enèji pwòp k ap garanti tout rezidan yo aksè pou jwenn avantaj konsiderab ki gen nan efikasite enèjetik ak elektrifikasyon."

**Komisè HPD a, Louise Carroll, deklare,** "Pwogram pilòt sa a se egzakteman tip mezi odasye yo te anvizaje lè Majistra de Blasio te anonse Green New Deal li an nan lane 2019, fikse yon objektif pou redui emisyon gaz efè sè yo rive 80% epi angaje pou atenn netralite kabòn nan dis 2050. Yon pati ki trè siyifikatif nan atent objektif sa se elektrifikasyon batiman yo, an patikilye ansyen estrikti yo ki pa t konstwi ak menm lide efikasite enèjetik la. Nou rekonesan fas ak patenarya nou gen ansanm ak NYSERDA pou nou fè efikasite enèjetik la pwogrese nan ansanm lojman abòdab Vil la, ki pral finalman ede nou konstwi yon vil ki pi solid e ki pi rezistan pou jenerasyon k ap vini yo."

Lè pwogram nan lanse nan otòn nan, NYSERDA pral bay, epi apre debouse, anviwon 22 milyon dola nan ensitatif, a kote finansman HPD a, dirèkteman bay moun k ap devlope pwojè yo. Anplisde sa, NYSERDA pral finanse yon Founisè Asistans Teknik (Technical Assistance Provider) tou pou asiste patisipan nan pwojè pilòt yo ak HPD nan enplemantasyon mizajou elektrifikasyon yo atravè faz konsepsyon, konstriksyon ak apre konstriksyon. TAP la pral fè koleksyon done ak enfòmasyon tou pou devlope rapò anyèl k ap disponib pou piblik la ak yon rapò final k ap prezante rezilta pwogram pilòt la bay pati prenan yo, tankou lòt ajans lojman abòdab yo.

Investisman nan pwogram pwojè pilòt la konte kontribye nan mizajou anviwon 1,200 inite abitasyon lojman abòdab e fè 3,000 rezidan ki gen revni fèb jiska modere pwofite de yo. Montan finansman yo pral varye sou selon chak grenn pwojè k ap baze sou nesite ak chan aplikasyon travay ki dwe mete annèy la. Y ap resevwa aplikasyon yo depi lansman an nan otòn nan jiska fen 2024 oswa jiskaske finansman yo fini.

**Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, RuthAnne Visnauskas te deklare,** "Pwogram pilòt 24 milyon dola NYSERDA a ansanm ak Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman

NYC a konstwi sou [Inisyativ Enèji Pwòp 7.5 milyon dola HCR la](#), ki pral kreye jiska 600 lojman elektrik modèn. Anons jodi a se yon lòt investisman trè siyifikatif nan solisyon pou enèji pwòp pou devlopman lojman abòdab miltifamilyal. Lè nou ajoute finansman pou renovasyon elektrifikasyon an nan refinanse devlopman ki egziste deja yo, nou ka delivre nouvo teknoloji sa a yon fason pi efikas bay ansyen devlopman yo e rete sou wout pou atenn objektif global dekarbonizasyon eta a. Renovasyon sa yo pral pèmèt ofri lojman ki pi sen e pi dirab pou Nouyòke ki gen revni fèb ak modere yo ak yon anviwònman pi ekolojik pou tout moun."

**Konseye Prensipal National Resources Defense Council, Building Efficiency and Decarbonization, Lindsay Robbins, deklare,** "Efikasite ak dekarbonizasyon nan lojman abòdab miltifamilyal yo pral founi lojman ki pi sen, pi konfòtab ak pi abòdab pou Nouyòkè ki pi nan bezwen yo. Pwojè pilòt avangadis sa a eksplwate pwosesis refiansman an, yon okazyon ki pa vini fasil pou fè gwo amelyorasyon, pou asire ke pwopriyete sa yo gen opòtinite pou pran mezi enpòtan pou ale nan dekarbonizasyon an. New York kontinye se yon lidè nan adopsyon solisyon inovan pou dekarbonize lojman miltifamilyal abòdab yo, e kolaborasyon ant eta a ak ajans vil la tankou greenn sa a pral ede asire ke New York atenn objektif klimatik li yo."

Batiman yo se youn nan pi gwo sous emisyon gaz efè sè nan Eta New York la, e entegre mezi elektrifikasyon ak enèji efikas nan batiman ki egziste deja yo pral redui polisyon ak kabòn nan e ede nan reyalize batiman ki pi dirab, pi sen ak pi konfòtab. Atravè pwogram NYSERDA ak sèvis piblik yo, plis pase 6.8 milya dola ap investi pou dekarbonize bilding yo nan tout Eta a. Lè l amelyore efikasite enèjetik nan bilding yo epi mete estokaj sou sit yo, enèji renouvlab ak ekipman rechaj veyikil elektrik, Eta a pral diminye polisyon ak kabòn nan epi atenn objektif anbisyè pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU rive lane 2025, sa ki ekivo ak kouran pou 1.8 milyon kay, sa ki pral gen kòm rezilta yon 1.8 milya dola adisyonèl nan avantaj sosyal ak anviwònmantal.

Pwogram sa a finanse atravè Clean Energy Fund NYSERDA a ki vo 5.3 milya dola. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite sit entènèt HPD a nan <https://www1.nyc.gov/site/hpd/index.page>.

**Senatè Kevin Parker deklare,** "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak NYSERDA pou dènye inisyativ yo pou dekarbonize tout eta a nèt, pandan y ap fè kominote defavorize yo tounen yon priyorite. Pwogram nan pral reprezante yon atou pou plizyè milye rezidan k ap viv nan lojman a pri abòdab yo epi mwen espere wè pwojè sa elaji oframezi."

**Manm Asanble a, Michael Cusick, deklare,** "Alòske n ap travay pou nou atenn objektif nou yo nan koze enèji pwòp, dekarbonize batiman nou yo se yon bagay ki vrèman enpòtan. NYSERDA ak Deptaman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman NYC a konprann enpòtans dekarbonizasyon lojman yo e anons jodi a ke gen yon pwogram pilòt, se youn nan premye mezi nou rete kwè ki pral pran pou dekarbonize konplètman tout lojman abòdab Vil New York yo."

**Manm Asanble a, Steven Cymbrowitz deklare,** "Pwojè sa a pral amelyore sante ak sekirite rezidan yo, ekonomize lajan nan depans pou kabiran e fè Eta a nou an fè pa annavan nan manda prensipal li ki se redui emisyon gaz efè sè yo. Mwen felisite Gouv. Hochul paske li enplemannte yon patenarya ant NYSERDA ak HPD ki pral nan avantaj lavi plizyè Nouyòkè pou ane k ap vini yo."

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la**

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lalwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou chimen pou l akonpli objektif li pou yon sektè elektrisite ki gen zewo-emisyon rive lane 2040, ki gen ladan l 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab rive 2030 epi atenn netralite kabòn nan nan nivo ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan ke Eta New York la te reyalize pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 21 milya dola nan 91 pwojè enèji renouvlab ki fèt sou gran echèl nan Eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe plis pase 150,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2019, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nouwèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)